

Pembantoe sareng agen:
 Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor.
 di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan andjoer.
 Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

SIPATAHOENAN

Serat Kabar Minggoen dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Diritjakt di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
 Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
 Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaya.

Kedakteur:
 SOETISNA SENDJAJA
 ATMAWINATA
 Redakteur di Batawi
 SOERADIADJAJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.
 POSTWISSEL sareng seraf nos sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoelocweg No. 12 Tasikmalaja.

Pangaos ADVERTENTIE:
 1/16 katja f 2,50 } Sakali moeat
 1/32 " f 1,50 } dibajar ti paljoen
 Langganan langkoeng mirah.

LANGGANAN. 3 sasih f 1,50 Dibajar tipajoen. Salambar 15 sen.

Teu meunang hoekoeman.

Sing saha noe geus boga rasa kabagasaan, kabagasaan Indonesia, geus moal bina ti koering, tangtue soeka beugahna, soekoer ka Noe Agoeng, moedji ka Noe Maha Soeti, rehua Nonoman Indonesia, noe keur babilintak rjar pangarti di Nagri, geusan ngamadjoekoeu lemah tji oerang, ajeu na geus dilepa tina perkarana. Hartina: geus boekti kaberesihanana, tetela pang-teu salahna.

Noehoen, Alhamdoelillah, batina ka Pangeran, lahirna ka Hakim di Nagri Walanda, reh geus wau nigas perkara sakomaha mistika, anoe tangtue kitoe benerua, sakomaha timbanganana oerang rea noe aja di dieu.

Kaum oerang ti mimiti gaejoer Nonoman Indonesia ditangkep, ditonding madjah nitah berontak ka oerang, dipadjarkeun geus njeun rarap-tjang koemaha koedona uguminitian ngariboetkeun (opstandsplan) diteuding magah geus sakongkol djeung oerang Roelan, kaum oerang keur keuh teu pertjajana. Moestahil maranehna, noe geus djaradi moerid sakola Tinggi, bararodo, moestahil nepi ka teu njaho dikajaana oerang pirakoe aja tikoro andoer

Kitoe deui art. 131* teu bernang larapkeun ka Indonesia, sabab eta artikel ngan keur Nagri Walanda bae. Koe sabab eta sakitan-sakitan beas tina perkarana, teu meunang hoekoeman. Tapi opsir Djoestisi apel.

Barang pones geus ragrag, ana be-rejek teh noe njalmetkeun ka sakitan djeung ka noe ugabelaanana (adpoekat adpoekata) estoe mani pa-poro boro.

Di loear didago koe kaom boeroeh. Bring indit ka Kebon binatang. Ager agerana pada soeka boengah. Dina Kamar tempat koempoelan nojek djelema aja kana 1200 na. Barang djol noe geus saralamat tina perkara djeung adpoekat-adpoekata datang, ger soerak ajeuh ajeuhan, diselang koe manjani, "Internationale". Kokodjo kokodjo S. D. A. P. noe aja njaeta Cramer, Duys, Kleerkooper, Altharda, Oudegeest djeung rea-rea deui.

Noe boeka hitjara mindeng diselang koe keprok noe rame pisan. Noe mimiti biantara njaeta Moh. Hatta.

Ditema koe Vleming, Oudegeest, Duys, Mobach djeung sakabeh noe saralamat tina hoekoeman, kadjaba ti Saetro

Sanadjan Moh. Hatta djeung saba-toerna geus saralamat, tapi masih perloe keneb bae ditoleong mah.

Njaeta koe doest. Genning di Nagri geus aja komitena. Ditoleogoean koe Vleming. Tjeuk di ditoe pohara perloe na. Pirakoe oerang rek ngantep. Di Batawi geus aja noe ngoempoelkeun Di Bandoeng geus aja.

Oerang oelah tinggaleun. Sing tem-bong kanyah oerang, kaatohan oerang. Ari loba mah noe hadiahna nadjan ti saerang saeutik tangtue aja goendoekna.

Sing saha noe aja djorodjo manah njaha ka bangsana. Tiasa ngintoenan hadiahna ka:

Administratie Sipatahoenan
 ageung alit ditampi kalawan kaweni-ngan hate.
 Artos noe katampi engke diwawar-keun dina ieu soerat kabar.
 Pikeun ngamimitian ajeuna paran-tos nampi ti:
 Tjabang Pasoendan Tasik. f 10,—
 Sipatahoenan f 10,—
 Djrg. M. E. f 5,—
 P. f 2.50
 A. S. E. f 2.50
 Djeomblah f 30,—
 Saha deui?

1) Art. 131, netepkeun: Saha-saha noe ngasuet-ngasuet eua ngalakoekoeun kalakoekoeun noe aja hoekoemana-na atawa nitah ngalawan ka pama-rentah, boh koe lisan atawa ditosis dina openbaar, eta dihoekoem boel paling lilana 5 taoen atawa didengda palinglobana 300 roepia.

't Leed is geleden tjeuk Wa landa.

"Sedih peurih geus kapanggih, lar wirang geus kasorang" keur tong disabit-sabit deui, tjoemah matai pidjabeut.

Dina waktos nigas perkara, tjeuk Aneta, rekttaal (oale watangan) deiet, pinosh koe noe laladjo. Barang hakim datang, djep djempling kawa-

gang katintjak bae. Sakitan-sakitan ngarangoeng ngadengekeun pones noe bakal ditibankeun ka maranehanana. Noeroetkeun timbangan hakim samasakali teu aja perkara ngasuet sakomaha noe ditetepkeun koe wet, oge maksoedna kana ngasuet teu aja ngab artikel-artikel teh ditoleisna sanggeus barontakna komisaris tea kadidiau. Sakabeh toelisan-toelisan teh ngan teraungkeun kana bakal ajana soesoh (revolutive).

Kitoe deui art. 131* teu bernang larapkeun ka Indonesia, sabab eta artikel ngan keur Nagri Walanda bae. Koe sabab eta sakitan-sakitan beas tina perkarana, teu meunang hoekoeman. Tapi opsir Djoestisi apel.

Barang pones geus ragrag, ana be-rejek teh noe njalmetkeun ka sakitan djeung ka noe ugabelaanana (adpoekat adpoekata) estoe mani pa-poro boro.

Di loear didago koe kaom boeroeh. Bring indit ka Kebon binatang. Ager agerana pada soeka boengah. Dina Kamar tempat koempoelan nojek djelema aja kana 1200 na. Barang djol noe geus saralamat tina perkara djeung adpoekat-adpoekata datang, ger soerak ajeuh ajeuhan, diselang koe manjani, "Internationale". Kokodjo kokodjo S. D. A. P. noe aja njaeta Cramer, Duys, Kleerkooper, Altharda, Oudegeest djeung rea-rea deui.

Noe boeka hitjara mindeng diselang koe keprok noe rame pisan. Noe mimiti biantara njaeta Moh. Hatta.

Ditema koe Vleming, Oudegeest, Duys, Mobach djeung sakabeh noe saralamat tina hoekoeman, kadjaba ti Saetro

Sanadjan Moh. Hatta djeung saba-toerna geus saralamat, tapi masih perloe keneb bae ditoleong mah.

Njaeta koe doest. Genning di Nagri geus aja komitena. Ditoleogoean koe Vleming. Tjeuk di ditoe pohara perloe na. Pirakoe oerang rek ngantep. Di Batawi geus aja noe ngoempoelkeun Di Bandoeng geus aja.

Oerang oelah tinggaleun. Sing tem-bong kanyah oerang, kaatohan oerang. Ari loba mah noe hadiahna nadjan ti saerang saeutik tangtue aja goendoekna.

Sing saha noe aja djorodjo manah njaha ka bangsana. Tiasa ngintoenan hadiahna ka:

Administratie Sipatahoenan
 ageung alit ditampi kalawan kaweni-ngan hate.
 Artos noe katampi engke diwawar-keun dina ieu soerat kabar.
 Pikeun ngamimitian ajeuna paran-tos nampi ti:
 Tjabang Pasoendan Tasik. f 10,—
 Sipatahoenan f 10,—
 Djrg. M. E. f 5,—
 P. f 2.50
 A. S. E. f 2.50
 Djeomblah f 30,—
 Saha deui?

1) Art. 131, netepkeun: Saha-saha noe ngasuet-ngasuet eua ngalakoekoeun kalakoekoeun noe aja hoekoemana-na atawa nitah ngalawan ka pama-rentah, boh koe lisan atawa ditosis dina openbaar, eta dihoekoem boel paling lilana 5 taoen atawa didengda palinglobana 300 roepia.

't Leed is geleden tjeuk Wa landa.

"Sedih peurih geus kapanggih, lar wirang geus kasorang" keur tong disabit-sabit deui, tjoemah matai pidjabeut.

Dina waktos nigas perkara, tjeuk Aneta, rekttaal (oale watangan) deiet, pinosh koe noe laladjo. Barang hakim datang, djep djempling kawa-

gang katintjak bae. Sakitan-sakitan ngarangoeng ngadengekeun pones noe bakal ditibankeun ka maranehanana. Noeroetkeun timbangan hakim samasakali teu aja perkara ngasuet sakomaha noe ditetepkeun koe wet, oge maksoedna kana ngasuet teu aja ngab artikel-artikel teh ditoleisna sanggeus barontakna komisaris tea kadidiau. Sakabeh toelisan-toelisan teh ngan teraungkeun kana bakal ajana soesoh (revolutive).

Kitoe deui art. 131* teu bernang larapkeun ka Indonesia, sabab eta artikel ngan keur Nagri Walanda bae. Koe sabab eta sakitan-sakitan beas tina perkarana, teu meunang hoekoeman. Tapi opsir Djoestisi apel.

Barang pones geus ragrag, ana be-rejek teh noe njalmetkeun ka sakitan djeung ka noe ugabelaanana (adpoekat adpoekata) estoe mani pa-poro boro.

Di loear didago koe kaom boeroeh. Bring indit ka Kebon binatang. Ager agerana pada soeka boengah. Dina Kamar tempat koempoelan nojek djelema aja kana 1200 na. Barang djol noe geus saralamat tina perkara djeung adpoekat-adpoekata datang, ger soerak ajeuh ajeuhan, diselang koe manjani, "Internationale". Kokodjo kokodjo S. D. A. P. noe aja njaeta Cramer, Duys, Kleerkooper, Altharda, Oudegeest djeung rea-rea deui.

Noe boeka hitjara mindeng diselang koe keprok noe rame pisan. Noe mimiti biantara njaeta Moh. Hatta.

Ditema koe Vleming, Oudegeest, Duys, Mobach djeung sakabeh noe saralamat tina hoekoeman, kadjaba ti Saetro

Sanadjan Moh. Hatta djeung saba-toerna geus saralamat, tapi masih perloe keneb bae ditoleong mah.

Njaeta koe doest. Genning di Nagri geus aja komitena. Ditoleogoean koe Vleming. Tjeuk di ditoe pohara perloe na. Pirakoe oerang rek ngantep. Di Batawi geus aja noe ngoempoelkeun Di Bandoeng geus aja.

gerepta, djadi koelit djadi daging, nepi ka geus djadi rasa, boh di Soenda boh di Djawa.

Sanadjan bangsa koeritjakan (har-tosna, anoe tatjan meunang pangadjaran) di oerang aja keneb anoe meh salangoet-er, lalaki ditjawet leneng, aweue disamping djangkoeng, soesoe goepak-gapek bueligir ka mana meudi, tapi moenggoeh di tangsa oerang anoe geus saba nagara, anoe geus aja dina tahapan djelema pantes, nja eta anoe geus kaserepan pangwara-h Islam, geus lain-lainna deui rasana djeung oerang pahoemaan.

Nadjan oerang pahoemaan pisan, kadarogaunana bor-ligir teh, ngan waktos keur goejang taneuh bae. tapi ari djol ka pasmoan mah, geus teu aja anoe wau teu "dibadoe", kabeh sadjoemblah cerang Soenda geus kitoe rasana djeung kitoe timbanganana. Ieu teh geus djadi adat geus djadi rasa.

Soegri istri anoe kaseboet Soenda, menak koering kolot ngora, geus teu aja anoe kadoga boeloewak belewek katembong kelek. Kelek teh koe oerang Soenda mah geus diasoepeun kana rasa orat, ngan sirikna henteu disaroekaun djeung rarangan bae. Koe sadaja-oge tangtos karas, ka-oeninga, erasa aweue katembong kelek, sareng boekti di istri kakad kekedna heumpikna dina waktos diraksoekan lamoen kabeneran aja djelema.

Rasa anoe aja di aweue, eta teh sapatos sareng rasa anoe aja di lalaki, nja kitoe bae, era paradahna, teu keasna ningal kelek boeloewak-belewek teh, kome lamoen djeung make roembe-roembe sagala roepa mah, make aja rimbjonga, ditamat-keun koe selesek "pengar mah, hatam djaridjipenna teh, hoelhol sagala rasa katjoes, bidjil panghina panja-tjampah kahoedang koe tingal tea.

Nadjan teu kedal, tapi dina hate mah, koedoe bae seuggak-poesas; euleueueuh!

Manawi bangsa kaom moeda anoe parantos bias mah, nja baal rasana koe eta teh, tapi lamoen dibanding-keun kana sadjoemblahna rasa Soenda, nja atjan sakomaha reana.

Moenggoeh rasa ragad, rasa orat teh, hidji-hidji bangsa teu saroea. Tapi kawasna oerang Wetan mah rata-ratana meh saroea, soesoe djadi orat, kelek, pingping, geus kome deui ari rarangan mah.

Di oerang, di dieu di Soenda, anoe kadoga boeloewak-belewek kelek di pasmoan teh ngan ronggeng djeung wajang oewong, anoe martabatna henteu dileuwihkeun ti Si, dina ang-gapan Soenda mah. Ronggeng oge baheula mah dikotang leungonna, ronggeng Soenda mah, tara aja anoe boeligir, ngan sanggeus datang rong-geng model Djawa, make komeun apok soesoe, nja ditoeoetan koe ronggeng Soenda, tina teu njaho di adat Djawa tea.

Djadi tjeuk dina rasa oerang Soen-da mah, lamoen anoe boeligir di pas-moan katembong kelek, eta teu leuwih ti martabat Nji Arnesah, Si Arsih, ronggeng mamareng tea.

Ajeuna di oerang, geus aja istri nonoman anoe niron-niron enoe, ngango eroe boeka kelek, nja kitoe bae biasa toetoeot moending tea, teu dihidjing ieu rasa Soenda anoe salapan joeta teh. Kenn bae ari boedak mah, da ngaranna oge boedak, apun boedak Soenda geus make sajah ti baheula, ngan tjing kahajang teh ari goeroe istri mah, atosh sing ka-goengan kalingsem koe sasama bang-sa.

Nanging dina timtangan koering mah, merrgah goeroe istri mah, kadjeun Soenda kadjeun Djawa kadjeun Walanda, enon toeien tea oge deui, ari ngadjar di sakola pribomei mah langkoeng sae dilarang dirok boeka kelek, dilarang dirok satengah boe ligir, lantaran tjeuk rasa djeung adat pribomei mah eta peta kitoe teh hina.

Moegi moegi bae departemen on-derwijs kersa nimbang kama ieu perkawis.

Lian ti eroe boeka-kelek, atosh sakalian bae pangoehoeu teh sareng ngajakeun larangan lakoe sareng lampah goeroe di sakola anoe hina tjeuk adat bangsa pribomei deui, sapertos: tjoelangak-tjelengok, tjoeam tjoem hareupeun baroedak, atawa djelema loba kedah dilarang.

Geura mangga tiugali, ana dina gambar idoeop aja anoe ragot engo, tjoem tetel, koedoe bae ger disoera-kan dikeprokan. Ieu oge, lamoen moerid nendjo goeroe njoem, tangtue dina hate moerid soerak rame.

Bapa boedak.

Kareta api Bandjar-Tjidjoelang.

Nghadja-hadja sih henteu, ieu mah kabeneran bae oelin soteh ka pakidoelan. Barang tjlak teh kana espres Tjidjoelang bet ras bae kama kotjeka-na noe sok mindeng balawiri ka Parigi, dina Sij. Geuning meueus meuens njoehoeunkeun patjilingan, pek deui patjilingan Asaina mah weleh teu pati pertjaja, tapi ajeuna mah aenal jakin, teu ngindjeun mata batoer, sidik pang teu ajana.

Koe heran heranna, bet djol bae sangkaan: palangsang noe njeun ateraan teh djelema loear biasa sa-toeroen-toeroenanana. Loear biasa eta teh eta dina lebah: dahar oesok, tapi tara ka tjai.

Atawa, djrg. djrg. S. S., panoem-pang teh bogz kakawasaan geusan ngeureukeun dimana aja perloe na? Bih dimana boedakna, boh dimana manelna sorangun koedoe ka tjai.

Djrg. Konektoer, koering hajang mitjeun, eureukeun heula! At-wa koedoe teteregeng dina titintjakan? Enja ieu mah pohara leuing.

Tjing atosh, da teu perdo, sing aja ras rasna ka noe djarewa, da meuli kartjis teh lain koe tapok keong.

Djaba ti eta aja deui ka panasaran teh.

Eta geura ti Bandjar ka Tjidjoelang, naha henteu perloe oepama diajakeun Snelle verbinding, make kareta doer, njamboeng Bandoeng Djogja, noe bakal diajakeun dina boelan Mei?

Rasa koering, kome oepama ngi-ngetkeun kana ajana oetoes, anoe perloe tea diajakeun. Oepama teu kitoe kawas kawasna. Kadeseh engke koe mobil gorobag. Njaah temen.

Taja lisan paneda neda, soepaja ieu timbangan koering koe djrg. djrg uoe kawasa di S. S. dimaranahan.

Ari hal patjilingan saenjana geus teu koedoe dimanahan deui, sabab eta mah abong deui, dina abad ka 20 nepi ka aja keneb noe kitoe.

Oelah kena djelema perloe make, nepi ka teu aja Coulanoe.

S. K. N.

Kartjis lebaran.

Doegi ka waktos ieu, ateraan ngeu-sian Kartjis Lebaran teh teu ke-

nging langkoeng ti 5 ketjap atanapi 5 aksara koe basa: Walanda, Parasma, Inggris, Latijn, Djerman sareng Malajoe. Doepi Soenda sareng Djawa dilarang. (Soemawonten aksarana mah; kedah Latijn bae). Doepi eu-sina kedah woengkoel: njanggakeun kawilodjengan, ngiring sedih, nganoeh-oenkeun atanapi miteuleujakeun. (Felicitates, rouwbeklag, dankbetuiging en afscheidsgroet = ppc = pour prendre couge). Doepi parangkona sabenggi.

Siugsaha noe ngarempak larangan (mengpar tina stoeran): ateraan di loebeer didengda f 0,20.

Noe ngarempak eta larangan, oepami kanyahoanana di kantor noe ngirimkeun, kartjisa teh diwangsoel-keun deui ka noe ngintoen. Oepami kanyahoanana di kantor pos noe didatangan (postkantoor van bestem-ming) noe oaris nampi kartjis tea didengda f 0,20.

Panginten di antawis para Djoera-gan aja noe bade sasaraan kieu: "Geuning koering bareto teu dideng-da.

Eta kieu margina: Hidji-hidji kantor nampina Kartjis teh (dina dinten lebaran babakoena) sanes 10 à 20, nanging sok aja ratoesna sakapung mah. Soemawonten faktor noe arageung mah, doegi ka aja roeboes. Dina diparios, dilikan hidji-hidji tangtos moal kaparios sadajana, mangkang piakomahaen waktosna? Dina pareng kapanggihna noe ngarempak larangan teh, biasana nja didengda tea; moeng, oepami kaleresan chefna bageur mah, nja diteraskeun bae, teu didengda teusing.

Djadi perkawis dengda mah sajak-tosna tergautoeng ka "plaatselijke chefs."

Sakitoe margina! Koe kitoena, doepi maksad sim koering mah, sanes samata mata ma-reboetkeun deudanaanana.

Lebah dinjana man roemaos, di-dengda oge meudjeuhna ari ngarem-pak songkeran mah. Perkawis ieu engke dipoengkoer kasabit deui.

Doepi noe dipikahojong teh nja eta: soepados diwenangkeun ngango basa Soenda, Djawa, Malajoe, sareng basa salitana.

Pikeun oerang mah, oerang Soenda, noe diririhau teh, nja basa Soenda bae heula.

Tjek djasim koering tadi, pikeun oerang Soenda mah, basa Soenda bae heula, Margi bade iraha deui, basa oerang disanggona. dipidangeunana, dipangaasanana? Koe saha? Geus peu pouriheun noe lisan teu miroesa, atosh oerangna sing hideng, sing tiasa nar-warkeun, oepami dagang tea mah.

Malah sakitoe teh, hajang nawar keneh: soepados diwidian rada pan-djang meueusan njeratna. Tina lima ketjap teh bojong djadi 10 oepamina. Margi silatoerahmi koe basa Soenda mah (oge koe Djawa) kap-keu kedah rada seur ketjapna, oepami bojong sampoerna teh. Oepami teu kitoe asa kirang oetami nja teu kroedag koe rasa, nja teu katapi koe tata.

Dina boboran Siam kartjis-kartjis tea kaseuseueuranana sok diserat koe ngawilodjengkeun boh koe basa Walanda at. koe basa Malajoe, sanes di-eusian koe silatoerahmi.

Geura oepamina hidji menak Soen-da, bade silatoerahmi ka iboe ramana ngango ketjap: "Gelukkig nieuwjaar zij U toegewensht", atanapi koe Ma-lajoe: "Mengoetjapkan selamat taoen baroe."

Apan oepami kitoe teh, sanes bae lepat sarang kirang tata, oge teu ka-tepi koe rasa.

Geura oepami noe djadi iboe nam-

Tjoerat - tjaret.

Koedoe mansantren.

Siga koemaha ari noe merdika, asa koemaha ari merdika, pikeun bangsa oerang ngan oekoer aja dina tjiptaan, ugantjik dina panglamoenan, tatjan ngasaan ngasaan atjan. Lolobana. Nja aja oge hidji doa noe miloe ngitjip ngitjip, nja eta saokoer noe geus laloenta ti Indonesia, njar elmoek ka djaosna, ka nagara nagara noe maledika, Tah di dinja maranehana miloe ngoejeop tjai kamerdikaan.

Ti hidji santri noe poelang ti nagri, koering geus meunang tjarija kieu: „Waktos koering di Parijs, asa djadi djilema djedjeg, henteu diperper. Sihoreng pohara ngeunahna ari di-anggap djedjeg, nepi ka koering neneda ka Nue Maha Soetji, moega moega oerang Indonesia kabeh sina ngimpi, sakali bae, sina ngimpi koe. waha rasana aja di tanah merdika.”

Kitoe tah!

Paingan atoh, tjek hate, lolobana saokoer kaloeoran Eropa, pohara soe-sonna djeung ngararep - ngararep kamerdikaan da kitoe geuning. Djol bae paneneda, moega moega oerang dieu saokoer noe kawasa siug dararek loenta ti dieu, sangkan meunang panggitik noe ari, oelah ngan semet wangwangang woengkoel. Keun bae sakala Tinggi di dieu mah keur noe karoerang mampeh. Ari noe balaleungar mah bral geura mariang.

Tetela aja goenana ganti hawa teh!

Tapi koemaha tjek A. I. D. mah, sanggeus aja oerossan Nonoman Indonesia di Nagri Walanda teh?

Pokna: Koerang hade bangsa pribocini sina dialadar kaloeor ti nagarana. Entong sina ka Nagri, kapan di dieu oge teu koerang sakola loe-koer. Tjoemah geuning bet kitoe baloekarna.

Ieu teh kakara koe toelisan woeng-koel, pangna nepi ka bidjil timbangan oelah sina ka Nagri teh. Toe-

roeg toeroeg toelisan noe geus kabok-tian teu salah, da ieu ngalanggar wet.

Komo deu, oepama siga maranehanana baheula, waktos hajang meunang kamerdikaan ti Spanje.

Dibelaan maudi getih perang mang-taen-taen.

Geuning siga djadi kamegahan pisan parang dalapan poeloh taen ngabelaan lemah tjaiua.

Nja eta toengtoengna bet sok baliwet. Ari kalakoesan maranehana-na mau dipoejdi poedji, toh pati djiwa raga bela ka nagara. Ari seug oerang mah kakara koe toelisan bae woengkoel, geus geundjeung. Ari benerna mah—kahajang—samangsa mangsa noe koe maranehanana karsa ngeunah kaperloean rahajat, atoh keur noe sedjen oge moal bina. Oelah: „Ngeunah euj, merdika teh ngeunah!”, ari rek ditoeoran, oelah euj, tjan meudjeulna” atawa teroes digitik pisan, ngarah oelah bajang hajang atjan.

Djaoh tina consequent!

Komo kana „wat niet wilt, dat u geschiedt, doe dat ook eeu ander niet”, teu paek - paek.

Hakim Nagri djeung Indonesia

Bangoen-bangoena, oepama nilik kana omonganana *Kleerkooper*, sae-oesna nugas perkara Nonoman Indone-sia di Nagri, bet siga aja bedana, dina ngalarapkeun kaadilan. Boektina pokna teh: „Koering katjida atolina ieu perkara hante baloekarna. Noe diperkarakeun koedoe boengah henteu dipariksa koe hakim Indonesia.”

Toeh kitoe!

Doeka naon maksoedna. Naha di dieu teu aradil kitoe, karedeun, doe-meh di nagara pitaloekau?

Keun engke, ari koering aja milik meuntas, rek ditanjakeun.

Doeka iraha-irahana mah.

Abah si Entjep

kartjis, sarta meunang make basana sorangan, toer lobana meunang leu-wih ti 5 ketjap.”

Ari scena pisan mah njoehoenkeun diwoewoeh atoran kieu:

„Behalve voor de felicities, dank-betuigingen, en rouwbeklagen wordt aan de Inlanders ook de gelegenheid gegeven om de zoogenaamde „Sila-toerachmi” in hun eigen taal met meer dan 5 woorden uit te drukken”.

Tah geuning pilakadar ngawoewoeh bepalingen sakitoe, asa teu kedah repot.

Djoeragan - djoeragan! Sakoer noe dipedar koe sim koering, sigana mah bangsa boeboek leutik. Nanging ke dah emoet: „Oepama oerang teu nja ah kana djaroen, (noe sakitoe alitna!) moal tiasa ngapoet raksoekan.”

Sadaja daja, ujanggakeun!

Saha?

Theorie djeung praktik.

Meudjeuhna naker, kitoe koedoesna, dina sagala roepa aja angger-anggera nana, sabab njangkiranngan kai *Nap-sam*. Maloelah djilema karereanana masih keueh (bisa djadi salawasna) kapoerba kawisasa koe *Napsoe*.

Tapi sakite lobana angger-anggeran noe djadi wates wangen hiroep oerang, ih teu weleh sang sawenang wenang nalendra ngaradja dewek. Boh di kalangan loehor, boh di handap. Teu pihit boeloe, da saroea pa-pada djilema.

Oepama dihanter ditjokelan, dioetik-oetik ditaloengtik sagala sipat kamanoesana, tara aja noe sampoerna. Gawe oerang saroea, geusan bisa ngadeukentan kana wates sampoerna. Asal ngadeukentan bae, da sampoerna mah taja petana.

Kitoe deui dina hal roepa-roepa angger-anggeran.

Saperti ajeuna — bedjana atoran pasar kabupaten Tasikmalaja, oendang-oendangna, rek dirobah moal noeroetkeun sakomaha oendang-oendang djaman gewest. Noe djadi mar ga lantaranana tina dina boektina — praktikna — lobana noe pakia-kia djeung reugkoina noe aja dina oendang-oendang. Oepama teroes didjalankeun saperti ajeuna — tjek tjarija — teu kalawan diobah oendang oendangna. saroea bae djeung ngalanggar atoran sorangan. Oepamana naekkeun sewan dina waktos marema.

Oendang-oendangna samasakali teu njaritakeun marema. Tapi naha boi oedjoeg-oedjoeg aja bae tarip marema. Tah noe kieu tangtue teu bisa dian-ter. Ari heug teh deuih marema teh make aja noe 9 poe, saperti dina boe lan Poessa. Meudjeuhna oepama djilema noe daragang di pasar koe atoe rau noe kieu taroengan.

Oepama perloe diajakeun, ajakeun, tapi koedoe loeje djeung oendang-oendangna.

Tjiek tjarija hal naekna sewaan rek diajakeun, tapi aja noe diwal-keun, njaeta dagangan-dagangan noe perloe pikeun hiroep noe disobeet koe Walanda hroefvoedingsmiddelen sa-perti beas, oejah djeung lalah.

Djaba ti ieu lobana deui robahanana, engke ge meureun, dimana rek diba-rempeoekkeun koe rengrengan kabre-paten aja wawararana. Tah di dinja oerang tea bisa nembongkeun kaha-jangna. Oelah tjara noe enggeus-eng-geus, sagala koema tjek itoe.

Awan.

Semah djeung pribocini.

Meneer D. natamoe ka Djoer. S. Saor Djoer. S: „Djoeragan teh parantos lami, soemping ka bale geusan ngadjadi sim koering?”

Djawab D: „Teu atjan lami, ki-rang langkoeng nemb 8 sasih.”

S: „Teu kinten koe hajang te-rangna, kawit-kawitna, pang Djoer-a-gan, tebih tebih doegi ka tiasa tje-peng damel di dieu.”

D: „Sim koering kaloeor ti sakola tinggi di Wg; ma'loem djaman ki-wari soesah koe gawe, teu oedjoeg-oedjoeg bisa meunang gawe, nepi ka 6 boelan loeg'g legig, loes-loes na-n-gan gawe loepoet teu meunang. Nja tekes ka dieu.”

„Ditarima.”

„Voorschot, leos vrij mooi Indie!”

„Ditempatkeun di B; mimiti meunang gadjih saeutik ngan f 3.50.

„Di B meunang 6 boelan, digawe

ngan ngantor bae. Anoe djadi doenoengan pohara bageurna.”

Tjarek doenoengan: „Ajeuna koe-doe pindah ka S, soepaja loba loeang, gadjih tambah f 50, djadi f 400,— Pagawean dibareng reudjeung roronda (tournee), meunang ongkos djalan djeung d'har.”

D: „Bisa tjara batoer, auto renteloos voorschot Chef ba-geur advies f 2100 Adoeh Fiat masih aloes djal-una soeh.”

D: „Andjeun parantos sabaraha lamina didamel?”

S: „Sim koering parantos kirang langkoeng 3 taen, gadjih parantos f 145.”

D: „Geuning parantos iasa nga-galeuh motor?”

S: „Paparin sakadang”

S: „Aja pikersaen naon pang Djoeragan soemping ka dieu teh?”

D: „Hajang ngandjang bae, djaba ti eta, aja noe rek diterangkeun djeung ditanjakeun. Eta ngoroesa boekoe-boekoe djeung migawena, naha bet di dieu mah beda djeung di ditoe?”

S: „Kantenan bae beuten mah, mah, margi kieu kieu? eu eu?, kitoe kitoe? oee?”

D: „Tjebi tjendak boekoe-boekoe-na!”

Ringkil, bro, brak diboeke.

D: „Ieu koemaha ngeusina? Itoe ka mana soeroepna? Ieu koemaha? Itoe koemaha? Ieu itoe, ieu itoe, koemaha?”

Singhoreng cursus boekhou-ding! Adjou!

(Eu toch makan gadjih banjak, terlaloe! Corr.)

Wiking.

Chevrolet di Afrika kidoel.

Djalan pagoenangan di Afrika ki doel ngaliwat djalan soepitan (pas) Prins Albert katjida nandjarna loe hoerna 7000 kaki panjangna 35 K.M.

Kamari ieu vrachtaut Chevrolet di mgeatan 900 K.G. ngaliwatan eta djalan noe sakitoe nandjarna teh ka lawan gampang euweuh karoekakan motor a band.

Nandjak di djalan noe sakitoe loe hoerna djeung panjangna 35 K.M. teh vrachtaut Chevrolet ngan 1 djam 25 meuit. Eurenna ngan sakali ka paksa kahilangan koe pager kareta api. Ieu teh kakara pisan aja vracht auto noe bisa ngajalaukeun kitoe ngaliwatan eta tandjarna.

Baheula mah gorobag noe ngaliwat eta tandjarna koedoe ditarik koe 20 sapi atawa 30 koeda sarta lilana 18 djam. Ieu kadjadian djadi tjtjiren jen motor Chevrolet teh katjida aloena, komo oepama diingetkeun tas ngali watan djalan panjangna 6400 K.M. ngaliwatan waloengan saat sagala roe pa.

Salilana ngaliwatan Afrika kidoel be ak 70 Liter tjai, 30 Liter minjak 791 L. benzin. Gantjarna sadjam rata rata 32 K.M. sarta beak benzin dina 8 K.M. 1 Liter.

Sawah rendeng di bawahan Tjtjalengka.

Dina waktos Lebaran koering nja ba ka bawahan Tjtjalengka, barang ningal ka kalereun djalan antara Ma djalaja Tjtjalengka maplak tjai tjah sakalereun djalan, ngeumeu pare beu nang ngarambet mindo, lilana geus saminggoe malah parena geus mimiti boeroek. Legana noe rendeng teh mo al koerang tina 400 buoe, tjek me njarita. Eta sawah noe sakitoe ka soep ka desa Tjigntoer, Tjipedes, Pa njadap.

Noeroetkeun dedeangan noe ngro mong dina riengan riengan, pada noeding kana bedahna Tjitarik djeung loempoer loempoer noe palid ti goe noeng goenoeng.

Timbangan noe saerang, dianhra eta noe njarita, eta doea sabab noe bieu, lain sabab noe pangbenana Lantaranana geus mang poeloh poe loeh taen goenoeng goenoeng dil-re bonan, sarta loempoerna palid ka lilir tapi teu matak rendeng, sabab eta loempoer loempoer tina soesoekan soesoekan teroes palid kana wloe ngan waloengan noe laeutik teroes njedot ka waloengan noe rada gede.

Tina waloengan noe rada gede sper ti Tjitarik teroes palid njedot ka Tji taroen sarta teroes ka laeet.— Eta loempoer loempoer moal njangang dina waloengan waloengan noe leu

tik, lamoen benten aja noe mendet, atawa ngabendoeng waloenganana. Ma lah bakatna waloengan beuki lila, beuki djeru, sabab njosok taneuh. sa malah sok ngalegan, sabab b'wir bi wir waloengan meretplek kabawa tjah. — Bakatna waloengan ngadjeron djeung ngalegan teh lain ngan dina tempat noe lamping bae, tapi dina anoe lempar oge.

Soesoekan atawa waloengan leutik nguleutikan djeung ngadeatana koe panggawe djelema dibendoeng atawa diseur.

Lantaran noe ka doea, eta tjanah Tjitarik bedah noe mitat ngeu eum, tapi bedjana, bedahna geus dio meun, ari reudeug tetep bae henteu orot.

Tah noe matak tjek noe ngomong eta 2 sabab noe bieu teh, bedah Tji tarik djeung loba loempoer ti goe noeng lain sabab noe penting.

Ari saenja enjana eta sawah noe matak kakeucum, sarta parena geus 2—3 oesoem roeksaak, lantaran eta waloengan aja noe ngabendoeng dina lebah saak tiloe.

Kana tjarija madj r mandor irriga tie djeung kepala desa, teu aja noe ngalarti djeung ngaredoel da tatjan aja hidji kepala desa noe nintjak ma paj mapaj eta waloengan, koering hese rek mertjajana.

Kitoe deui kana tjarija madj djrg Tjamat ngahokok bae di boemi, ari kasoeh somah teu dipalite. Ari djoeragan wadana onaman da ngan nari ma pioendjoekan ti kepala desa djeung Tjamat atawa maudor irrigatie bae, maloen anjar.—

Noeroetkeun bedja, eta bendoengan pohara pisan, pagawean janoes beung har, noe geus teu ngagehan batoer hiroepna teh. Noe dipake palang pa lang tjatung kawoeng, sarta antara tjatung ditjotokan koe karoeng goni, nepi ka rekep. Anoe matak diben doeng, rek njajan sawahna noe rada anggang ti dinja koerang leuwih 7 buoe.

Sahilireun eta bendoengan tjaina njedot, waloenganna djeru sarta roe bak. dina njoeroegna moal koerang tina sameter djerona dina oesoem ka tija.

Koemaha ari sagirangeunana ben doengna? Beu edas, waloengan mel-papak djeung kotakan, sarta heureut da pada njered, nepi ka djadi soesoekan.

Anoe matak pantes tjah, rendeng sababaraha minggoe oge, lamoen ben doenganana henteu dibongkar.

Koe lantaran kitoe ajeuna njoehoen keun hodjah, djoeragan Wadana Tji tjalengka, sing kersa ngadampal koe andjeun kana tjah, rendeng, sarta oelah ngandelkeun, noe djadi mandor irrigatie, kepala desa, atawa tjamat bae, nanging pariksa koe andjeun margi pangartina sareng kakeatana na, moal mampeh pikeun ngabong kar eta bendoengan, sauea ti kaka wasaan Wadana.—

Kitoe tjek noe njarita.

Noe ngarasa roegi

Red Adm. Sip.

Boboran Siam.

Redactie sareng Administratie Si-patahoenan hatoer noehoen ka para Djoeragan noe parantos ngintonen serat atanapi kartjis dina waktos boboran Siam ping 1 Sawal 1346.

Sawangsoelna njoehoenkeun diha-poenten tina sadaja kalepatan noe ageung sareng noe alit nja kitoe deui noe Samar.

Red Adm. Sip.

A. MANGOENDIWIRO

Tjibenda

Bandjar

p. f. et p. r. 1 Sawal 1346.

K. ADIWINATA

Njoehoenkeun dihapoenten sadaja kalepatan ti doenja doegi ka acherat.

Bandoeng 1 Sawal 1346.

SAMBAS & HERMAN

njoehoenkeun dihapoenten tina sadaja kalepatan

a/b Hr. Ms. Mijnegger „Pro Patria”

1 Sawal 1346.

(*)

pi kartjis kieu mah: „Njoehoenkeun dihapoenten samoeakawis kalepatan, ti lahir doemoegi ka batiu?”

Dina tjipta ihoeh teh, breh bae woe dioed poetra teh katjipta. njampojong moendjoengan bari tapak dekok, Sa-neo langkoeng raos oepami kitoe????

Jaktos ari rada pandjang tea mah, nanging kaedag koe rasa kasoenda-an a Kadjawan. Ninggang dina pere-nahna, ninggang dina pibasaeunana. Mangga bae leujeupan.

Oepami diwenangkeun teh nganggri basa Soenda toer rada pandjang. Sa-neo bae basa Soenda ka tengah, nan-ging rasa kasoendaan djadi kahoe-dang.

Mauwari aja noe kagoengan emoetan kieu: „Ari hajang pandjang mah koe kartos poe”.

Eta jaktos! Teu lepat. Nanging awis, f 0,08! Mangkaning koe kartjis mah kenging koe sabenggol.

Djadi sia benten 6 sen. Parandene, kitoe sim koering moal njarek ka anoe bade ngagaleuh briefkaart, da memang artosna koe andjeun, mangga bae sa-naos bade koe segel oge, ari teu lebar mah. Moeng bae oepami koe brief-kaart teh asa ngaroegoelkeun an-djeun. Tjtjajan ladang kartjis bae oge diatang ti sakoebek Indonesia 1/2 milioen benggol teh, parantos aja f 12500,— Toeh tingali, artos anoe leot tina sakoe oerang!

Eta teh ngutang tina 40 milioen Inlander anoe dibantoeun 1/2 milioen teh. Djabi Europeanen, Chiuwezen sareng Aziaten noe sanes noe sok ngar-tjisan. Pisabaraneun?

Ngeutang sakitoe teh sanes owel, sanes koret, sanes njaram, oelah nga-galeuh parangkoe, sanes! Eta mah moeng soepados pada oeninga bae. kana eta ngan anoe kenging sim koering ngira ngira.

Malah oepami ngemoetkeun itjal artos satoen sakali sakitoe mah, ma sawi kenging diebat djamak, tetang-etang ugagentos laladjo ugadoe domba (dina lebaran baheula!)

Perkawis ieu oerang terskeun eng ke ti pengker.

Bade malikan perkawis eusina, ta-di aja noe kalangkoeng.

Para Djrg. tangtos arjeninga, wireh aksara - aksara pondok (foktingeun) sapertos p. f. p. r. m. h. d. sareng dja-bi ti eta, kenging dianggo.

Dina Soenda mah ceah!

Margina, saperkawis teu pantes oepami „hatoer noehoen” digentos koe „H. N.” atanapi „ujanggakeun kawi-

loedjangan” dipondokkeun koe „N.K.” Kalihna koe margi teu merenah tes; kalah ka pikiraneun noe teu tiasa.

Aja kadjadian kieu:

Hidji magang (Hulpschrijver?) Ka-tjamatan nampi doea kartjis. Noe hi-dji, walonan, oenggelna „P.R.” noe hidji deui ngawiloedjeugkeun: „P.F.”

Koe tina teu ngartos maksadna, naros ka Djoeroeserat noe teu tiasa basa walanda.

Doepi nerangkeunana, matak era parada:

P.R. hartosna: „Powe Rame” tegesna „Lebaran”

P. F. hartosna: „Pihoeanga-heun Fakir” margi saorna teh aja paripaos: Kokoro manggih moe-loed, poessa enz.”

Toeh, doegi ka kitoe! Sanes bae njasab, oge ngaroeksaak rasa sareng basa.

Ieu teh koe margi lepat njoeraha-nana afkortingen tea, kawantos afkor-tingen mah kenging disoerahan roepi roepi. Malah „Gelenjoe” mah ngahr-takeunana teh koemaha bae, da „Ba-pa si Keroed” mah dina Sipat. oge, H. O. teh djadi „Hajang Outjom”.

Ajeuna perkawis deugda oerang ha-likan deui.

Tadi parantos ditjarijokeun, jen anoe didengda teh, soegri noe ngalangar atoran bae, sareng aja noe tergau-toeng ka piatseljike Chefs tea.

Doepi margina, noe mawi ngarem-pak atoran, babakoena teu aroeniga kana bepalingna. Sapalih sanas oeni nga oge ngahadja bae nganggri basa Soenda a Djawa ngarah raos kaedag koe rasa. Nja anoe kieu biasana noe sok „beboet” teh. Jaktos ari henteu seueur tea mah, nanging oepami di-kempelkeun mah, ngabantoeun ti sa Indonesia 5000 oepamina, djadi 5000 X f 0,30 = f 1000,— Loemajan eta teh??

Oepami lalamoean tea mah, artos f 1000,— diauggo noendjang Sipatahoenan oepamina, mokaha moal doegi ka etaen teuing.

Tina ladang biasa, tadi koering pa-rantos dikijitna kinten aja f 12500 — Tina deugdaan diatang kasar aja f 1000,— Djoemlah f 13500 diatang kasar.

Sakitoe teh, pangaos basa batoer (malajoe arang pisan).

Atoh meudjeuhna oerang miloe ngadjoel basa oerang!

Koe margi eta koering gadoeh pa-ngadjak ka para Djrg. sadaja, soepa dos bareng njoehoenkeun diajajan atoran: „Dina poe lebaran oerang pribocini meunang silatoerahmi koe

Toko India Bengalis Goelam Moehamad Passarstraat Tasikmalaja.

Dina sasib ieu Siam parantos ngahadjarkeun roepa-roepa pakean ka pakir miskin bangsa priboeni kirang langkung aja 50 oerang anoe darongkap ka Tokona.

Moega-moega eta Toean Toko tabah madjoe daganganana.

Oepami sadaja bangsa Is'am noe baleungbar kersa kitoe, tada teuing saena.

Komo oepami sami kersa ngadeu-deul ngadegkeun roemah miskin mah.

Djrg. Patih Bandoeng dilepas??

Saha noe teu rek olahok!

Malah teu pertjaja kana mata sorangan, nepi ka menta dipangmatjakeun deui koe batoer. Tetela ari dina soerat kabar mah aja eta bedja.

Kieu tjeuk A. I. D.:

„Meunang bedja, Dalem warnen, Raden Demang Wira di Atmadja, geus dipotjot tina ngawarnenanana Dalem sarta moal djadi deui Patih Bandoeng.

Djrg. Wadana ter bewchikking, Raden Moehamad Moesa Soeria Karta Legata, ti poe ieu—njaeta tanggal 27 Maart—djadi Dalem warnen saheulaanan, ngarangkep djeung djadi warnen Patih.”

„Redakteur oerang di Batawi ngabarkeun, jen djrg. Patih Bandoeng, warnen Dalem R. Demang Wira di Atmadja, dilepas dengan hormat tina pagaweanana, tapi make kajid, soeraja koe Kdj. Goepnoer Pasendan, dimana aja lowoungin diangkat deui kana Wadana.”

„Patih djeung perkara ieu, meunang bedja, Kdj. Dalem Bandoeng, R. A. A. Wira Nata Koesoema, bakal enggal enggal moelih deui.”

Tetela dina soerat kabar mah aja. Kana boektina, enjaanana, weléh teu hajang mertjaja bae.

Asa pakeun, di lebah andjeunna, nepi ka aja sabab nge mateni ka andjeunna, datangka dilepas saperti mandor kontrak dilapas koe opsinor kobon. Teu, teu katepi koe akal!

Keukeuh njeboet moestail!

Moal enja pangsoging pantar andjeunna noe dipuendoeng poendoeng koe rahajatin di Tjandjoer, noe teu kongas poeral ngarah ngarimah, tara linjak tara bohong, ngadek satjekna, nilis saplasna, lain toekang djepit njaliksa ka bocoeok leutik, . . . asa pirakoe nepi ka dilepas saperti mandor Kontrak. Abong Pamarentah koerang sasar!

Teu, teu hajang pertjaja.

Lantaran koe kanjaho sorangan—feiten kennis—teu kaepi, bet ana lenggok teh njokot djalan palangsiang: niui-nini leungit sapeuting ti maeng hoesian. Ka dinja brasna teh!

Maloem noe hiroep, koedoe bae aja paketrokna.

Palangsiang ieu mah djidjeunan (intriges), gawena noe teu resep ka andjeunna. Maloemlah!

Soepaja djenengnana oelah melengsug, gedjrot disebrot koe kokotor. Keukeuh njeboet teu bisa djadi, aja ngalapas Patih kawas mitjeuu roentah ka djarian.

Saha noe njeho, bae eta kabar disebarkeunana koe noe hiri dengki, doemeh kieu tea, kitoe tea.

Ari koe ditjaboet tina ngawarnenanana mah, nja moenasabab, teu matak djadi heran-heran teuing, tapi ari dilepas mah engke heula rek pertjaja teh.

Samboengeun.

K A B A R

(Tina s. k. saes)

Tjek Preanger - Bole ajeuna aja ± f 120.000 wang keretas pasloe noe f 10 djeung f 5, tapi Javasche Bank teu njaho kana ieu kasjaan.

—o—

Motie Fleekroper di Tweede Kamer Nederland, menta soepaja hokeem pati keur tanah djadjahu (koloniën) dileungitkeun, koe Tweede Kamer ditolak 24 moepakat 58 henteu.

—o—

Studenten noe didakwa di Nagri Walanda ngahasoe, koe pangadilan ditebaskeun tina perkaraana.

Keur waktos rek mostoes rea bangsa Indonisi noe 'aladjo. Ir. Cramer oge aja.

Studenten rea noe ajalametkeun.

Officier van Justitie teken apel, teu tarima pedah eta Studenten henteu dihuekeun.

—o—

„Vereeniging voor Staatkunde” ngajakeun koempoelan Mr. Dr. Schumann debat djeung Mr. Nederburgh tina perkara ro'ahan atoeran baghagan nagara di Hindia.

Rereana moepakat 42 lawan 12 djeung 18 blangko soepaja robahau paparentahan Hindia diteroskeun.

—o—

Spanje rek djadi lid deui Volkenbond.

—o—

Goenoeng Rakata bedjana mimiti bitoe deui, tapi henteu sabaraha gedena.

—o—

Kapala negeri Loeboekbasoeng, Datoek Madjang, ditangkep lautaran sakawenang-wenang.

—o—

Di Bandoeng diadegkeun pagoejoeban „Indische Vredevereeniging.”

Kosthuis di Tasikmalaja.

Woengkoel kanggo moerid sakola MULO sajadi tempat, tiasa ngadjalankeun oepami teu kirang ti 10 moerideun; tiasa nampi henteu langkung ti 15 moerideun.

Djoeragan-djoeragan moegi oelah salempang manah, dahar leueutna, sarena sareng tempat sarena, diroemat leres, (Europeesche toezicht).

Sajagi lomari tempat papakeanana tempat boekoe-boekoe enz. media korsi tempat ngapakeun dicitenan pangadjaranana di rorompok, tjekap verlichtingna, salamina nganggo tjal waterleiding, sareng dicitenan perkawis kasehatanana, nganggo atoeran pikeun aroelina.

Padamel koki, djongos, nganggo anoe parantos paham.

Anoe bade ngalabekkeun moerangkalih ka ieu kosthuis moegi enggal ngawartosan ti awalna, lamaran langkung ti ping 10 Juni 1928 henteu tiasa ditampi: Pembajaran diatang sedeng f 25.— sasasih compleet sareng ongkos njeuseuh papakeanana; ongkos kedah di bayar ti pajoen (timpah sasiseun).

Serat-serat adreskeun KOSTHUIS TASIKMALAJA per adres Heerenstraat No. 27 Tasikmalaja.

Schoonmakerij en Kleur 'n

„Malah Mandar

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengenan) ngadamel roepi-roepi rakoekan anggeun pameget atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajigikeun roepi-roepi la-wonna.

Oge njagitan slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos pesenan poen

O. Sasmita.

N. B.

Toedoeng Panama	f 8.—
noe didamel tina palm	f 2 50
„ „ „ djakt	f 2 50
strobis (pamoelana)	f 0,25

TAN JOE AN

TOEKANG GIGI

Dimoeke Pasar Tasikmalaja

Saja bisa bikin gigi roepa-roepa dan bisa obatin penjakit gigi.

Kerdjaan ditanggoeng baik dan harga pantes.

INGENIEURS en ARCHITECTEN BUREAU

Ir. Soekarno en Ir. Anwari.

Regentsweg 8. Bandoeng.

Nampi saniskanten padamelan anoe nganggo projekten pikeun saniskanten adegan, kajaning imah—fabriek—goedang—masigit—djambatan sareng sadjabina ti eta, ti noe PANG ALITNA doegi ka noe PANG AGEUNGNA.

Toko Boekoe

WEBER

DJALAN STATION No 12. * * * * * TELF. No 13.

Boekoe-boekoe pengadjaran bahasa Belanda

Belanda-Melajoe 1 djilid tamat, noe geus kasohor . . . f 1,50

Walanda-Soenda 3 f 0,75

Cursus Basa Walanda Pikeun oerang Soenda

f 0,75

Pikeun Cursus sareng Sakola kenging potongan 15%

Ketoe Oedeng Makerij HALIM

West Pasar straat 16 Bandoeng

Salamina njagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjamis Solo Banjoemas s.s.t. ngawitan pangaos f 2,25 f 2,50 f 3.— f 3,50 f 5.— sareng saterana noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwirone sareng endol ngawitan pangaos f 2.— f 3,50 f 4.— f 5.—

Tiasa nampi kengenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 3.—

1 f 1,25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0,25 Sareng njagikeun sindjang poleng geroesan kaloesaran Bandjaran Bandoeng pangaos f 3,50 f 3.— f 3,50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geur njarobian sareng enggal njeratan nganggo. Adres anoe diloehoer ieu koelan.

Njagikeun deui roepi-roepi batikan, noe sae noe kasarna roepi-roepi pangaos: Kemben, sindjang enz. wedalan Tjamis, Tasik, Banjoemas, Djonas enz.

TOKO KHOUW SIAUW SENG (TOKO BENG)

Tasikmalaja

Djaman kamadjoean, kitoe deui ajeuna pikeun ngentengkeun kana per-djalanan, disajigikeun Autobus anoe berangkat ti

Tasikmalaja — Bandoeng, Bandoeng — Limbangan — Malangbong Tasikmalaja.

Tasikmalaja ± djam 4 endjing noe mies ka Cheribon.

„ „ „ 8 siang noe mies ka Cheribon

ti Cheribon ka Tasikmalaja

± 4am 4 endjing mies ka Tasikmalaja

± „ 8 siang „ „

ti Tasikmalaja ka Garoet

Tasikmalaja ± djam 7 endjing dongkap ka Garoet djam 10

Garoet ± djam 1 siang dongkap ka Tasikmalaja djam 4

ti Tasikmalaja ka Karangnoenggal

djam 6 mies ka Karangnoenggal

„ 9 „ „

„ 1 „ „

ti Karangnoenggal ka Tasikmalaja

djam 6 endjing mies ka Tasikmalaja

„ 9 „ „

„ 1 siang „ „

Sadaja autobus berangkatna ti pajoe oeun toko BENG.

Toko KHOUW SIAUW SENG (Toko BENG).

Tasikmalaja Telefoon No. 7.

Sajagi Karet Mesin Simplex sareng sanes-sanes Merk Europa, Band-band Auto Merk Goodrich, Michelin, Good-year, Dunlop, sakalian sareng parobot pikeun Auto (cnderdeelen).

Sajagi roepa-roepa glas (loemoer) saperti Beurreun, hedjo, biao, konseng kolot, bodas sareng nganggo strip roepa-roepa, aja deui anoe nganggo leter monogram koe aer mas, sae pisan pikeun soepnier.

Sareng roepa-roepa keler (stopflesch) anoe marodel, roepa-roepa lampoe batre, anoe parantos kasohor kakoe-watanana, dina waktos ajeuna keur rame pisan anoe ngarangs bedil angin (windbuka) pikeun plesiran, nja eta keur badjar nembak atawa keur manoe, badjing, tjareuh, ganggarangan anoe sok ngaroeksak kana piparaan, heularg. kalong, sareng sadjab ti eta sato sato anoe ngaroeksak, tangtos tiasa kenging koe B. S. A. tea.

Lantaran teu nganggo vergunning, noe mawi di sajagikeun njondong 2 roepi anoe kaliber 5 1/2 sareng 4 1/2, nja eta merk B. S. A. anoe masheer kakiatanana sareng saena, pelorna sajagi tjoekep, sadjab ti eta, sajagi roepi roepi Eetservies (stelan piring makan) anoe pikeun 6 djalmi (noe 12 djalmi), sareng roepa roepa djam (lotjeng) Westminster, erlodji anoe sa-rae, peso silet peso tjoekeer goenting mesin anoe parantes masheer kasae-anana, njondong roepi roepi oekoer filter (saringan tjal) pikeun ngadjadi kawarasan, atawa kasehatan.

ELECTROTECHNISCH BUREAU

C. A. GRANPRÉ MOLIÈRE

Naripan No. 103 * * * * * Telefoon No. 2120

B A N D O E N G.

Mendjoel dan bikin betoel MAGNEET, Dynamo, Starter, Accu, Deico enz.

Segala barang jang didjoel dan dibikin betoel. dengan me-make tanggoengan (garantie)

Kaloe toean maoe taoe, kebaikan dan kabagoesannja dagangan dan pekerdjaan saja, diharep toean menjaksiken ke tempat saja, atawa bertanja kepada eaja poenja langgangau-langganan.

BANDOENGSCHE - COIFFEUR.

Tjkoedapateuh t/o Passar Kosambi No. 210

B A N D O E N G.

Saniskanten pangatoeran noemoetkeun kasopanan (modern) padamelan ditanggul moal aja tjawadonna.

Mangga enggal njobian!

T A R I E F

Haarknippen (ngagoenting rambut)	F 0,50
idem (moerangkalih)	0,35
Schoren (diparas)	0,25
Haarwassen (dikoeamas)	0,25
Frixion	0,25
Slippen	0,50

Noe ngadjeng-ngadjeng

O E D I T

Eigenaar

TOKO

Universeel Agentschap

NIC MULLER

Goenoengladoe 15 Telepon No. 26.

TASIKMALAJA.

Nembe nampi Verbandtrommel (tempat oear kaperloean saditinten).

Perloe keur sadaja djelema noe tebih ti doktor.

Katjida perloean keur sadiaan di bale desa soepaja sadaja djelema bisa dioebar anoe potong, raheut, ragra, barareuh, njeri beuteung, njeri panon katjida atawa dipatjok oraj

Dina ieu verbandtrommel sadia sagala roepa oear kaperloean sapoe.

Tjobi soemping ka Toko atanapi njeratan engke diterangkeun sagala roepina eta verbandtrommel.

Noe ngadjeng-ngadjeng

NIC MULLER.

N. B.

Di toko kenging moendoet prijou-rant teu kedah majar.

TEGEL FABRIEK

„NAJA”

Goenoengsabeulah Tasikmalaja.

—o—

Sajagi roepi roepi tegel, te-ton buizeu (koelosoeng) sa-reng beton roosters.

Pangaos sareng kaktian di taaggel ngabingahkeun. Prijs lijat sareng monster tiasa di poendoet gratis.

Noe ngadjeng ngadjeng

S. Najawilaga.

Preanger Chemicalien

Handel

Telefoon No. 76.

Selamanja sedia roepa-roepa ohat patent dan lain lainnja, Minoceman, Serostoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boccilla, dan pekakas potret.

Awas

CHEVROLET


Awas



MOBIL



CHEVROLET SEDAN



**Naon margina noemawi djelema-djelema ajeuna ngagaleuh mobil CHEVROLET
noe noetoeop?**

Doepi margina **Chevrolet noe noetoeop** ten motorna teu kinten kiatna ladjeng seueur deui kaentoenganana nja eta :

Doepi margina klaserina (tempatna) **Chevrolet noe noetoeop** teh boeatan „**FISHER**” hidji pabrik klaseri (Carosserie) noe pangmashoerna.

Doepi margina djandelana sadaja kenging ditoetoeop sareng diboeka.

Doepi margina **Chevrolet noe noetoeop** mah langkoeng tiis batan mobil naon bae noe moeka.

Doepi margina ongkos sami bae sareng mobil noe moeka biasa.

Doepi margina karetana sama sakali teu tiasa ojang.

Doepi margina **Chevrolet noe noetoeop** gadoeh sadaja babagian noe sae pisan sami bae sareng Sedan noe langkoeng marahal.

Doepi margina **Chevrolet noe noetoeop** langkoeng loetjoe batan mobil noe moeka.

Doepi margina dina waktos sament oepami hoedjan, djandelana tiasa ditoetoeopkeun, rapet moal baseuh saeutik eutik atjan.

Doepi margina dina **Chevrolet noe noetoeop** mah pantona sareng katja pajoen kenging diboekakeun.

Doepi margina **Chevrolet noe noetoeop** langkoeng lega sareng langkoeng raraos.

Doepi margina koe toempak dina **Chevrolet noe noetoeop** teh dianggapna koe djelema langkoeng loehoer.

Doepi margina saha-saha noe nganggo **Chevrolet noe noetoeop** katingalna teh djiga djalma noe agoeng pohara benten sareng noe biasa.

Doepi margina **Chevrolet noe noetoeop** teh mobil **Sedan noe pangmoerah moerahna** dina klas eta mah.

Koe margi eta sadaja noe perloe nganggo mobil keur anggoeun koe andjeun atanapi keur sewakeuneun nanging kedah dibestel, djadi nenteu diiderkeun, langkoeng sae ngagaleuh **Chevrolet noe noetoeop**.

Doepi margina ieu teh henteu disebut sadaja kasaeana **Chevrolet noe noetoeop** bilih pandjang teuing.

Keterangan perkawis pangaos sareng pamajaran njitjil noe katjida **entengna** sae naroskeun bae ka

**Firma ROUS & MEEUWENOORD
DI TASIKMALAJA**

Djalan Singaparna No. 1 (gigireun Toko BENG).

D. dinja aja oge tempat ngadangdosan mobil

(reparatie atelier, bengkel).